



Pou plis enfòmasyon, vizite **IRS.gov**

Ou Bezwen Depoze yon Deklarasyon Taks 2021 Toujou?



Pa rete tann jiska dat limit pwolongasyon 17 oktòb la. Si ou pare, deklare jodia.

Ane sa a, li espesyalman enpòtan pou w fè deklarasyon taks 2021 w lan pa vwa elektwonik epi rasire ou deklarasyon w lan konplè epi kòrèk. Pa voye yon deklarasyon sou papye pa lapòs si ou pa gen obligasyon an. Olye sa, deklare pa vwa elektwonik nenpòt lè anvan dat limit oktòb la, menm si ou te mande yon pwolongasyon pou deklarasyon.

Poukisa?

IRS la kontinye ap trete anpil deklarasyon. Plizyè milyon deklarasyon taks 2021 anplis genyen pou yo fèt nan alantou dat limit pwolongasyon 17 oktòb la.

Deklare pa vwa elektwonik kan ou pare.

- **Deklare pa vwa elektwonik kan ou pare.** Deklarasyon pa vwa elektwonik la rapid, li sekirize, li konfòtab, e li se pi bon mwayen pou evite erè. Lè nou itilize deklarasyon elektwonik, sa ede IRS la trete deklarasyon yo, aplike pèman taks epi bay ranbousman yo pi rapid. IRS la trete majorite deklarasyon ki fèt pa vwa elektwonik yo epi li bay ranbousman pa mwayen depo dirèk nan mwens pase twa (3) semèn. Ou kapab itilize deklarasyon elektwonik pou w depoze deklarasyon taks 2021 w lan depi kounyeya jiska 17 oktòb 2022.
- **Ou te mande yon pwolongasyon?** Pandan ou genyen jiska 17 oktòb, ou kapab deklare kan ou pare.

- **Ou pat mande yon pwolongasyon ak dwe taks?** Deklare kan sa posib pou evite plis penalite ak enterè. Ou kapab chwazi yon plan pèman oswa peye an gwo oswa pa moso.
- **Ou bezwen depoze yon deklarasyon taks pou w reklame yon ranbousman?** Si ou pat gen egzijans pou w deklare, ou ka toujou kalifye pou yon ranbousman si anplwayè w la te fè prelevman plis taks pase sa ou dwe sou salè ou. Men, w ap oblije fè yon deklarasyon pou w reklame li.
- **Gen kredi taks ki ka vle di yon ranbousman.** Menm si ou pa dwe taks, kredi ranbousab yo ka pèmèt ou jwenn yon ranbousman menm si nòmalman ou pa deklare. Sa ki pi kouran yo se **Kredi Taks sou Revni ou Antre, Kredi pou Swen Timoun ak Depandan (an anglè)** epi **Kredi Taks pou Timoun (an anglè)**.

- **Pwofite de Deklarasyon Gratis IRS la.** 70% kontribyab yo genyen chwa pou yo itilize lojisyèl preparasyon taks gwo mak gratis.
- **Fòm ki ka Ranpli pou Deklarasyon Gratis yo.** Opsyon sa se tankou ranpli yon deklarasyon sou papye. Li pa mande oswa eksplike sityasyon fiskal epi li fè kalkil bazik sèlman. Ou kapab deklare pa vwa elektwonik gratis e ou pap bezwen voye yon deklarasyon sou papye pa lapòs.

Sonje: Pou jwenn ranbousman yo pi rapid epi evite reta nan tretman yo, pa tann jiska 17 oktòb si ou genyen enfòmasyon pou fè yon deklarasyon kòrèk kounyeya pa vwa elektwonik.

Jwenn èd pou w deklare

- Revize konsèy IRS yo sou chwa yon pwofesyonèl taks ki gen repitasyon si ou bezwen èd pou preparasyon taks. Paj **Chwazi yon Pwofesyonèl Taks** sou **IRS.gov** genyen enfòmasyon konsènan konpetans ak kalifikasyon pwofesyonèl la.

- Pwogram Volontè pou Asistans pou Taks sou Revni (VITA) ak Konsèy sou Taks pou Pèsonaj yo (TCE) ofri preparasyon deklarasyon taks bazik gratis pou moun ki kalifye yo. Itilize **Zouti Lokalizatè VITA/TCE (an anglè)** a sou **IRS.gov** pou w lokalize sit ki disponib yo.